



Pou Piblikasyon Imedya: 17/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MEZI FWOD ASIRANS KONT JOHNSON & JOHNSON POU WÒL LIDÈ LI NAN KRIZ OPYOYID LA

Yon pati nan mezi DFS la ta dwe rekipere 2 milya dola nan prim asirans yo fè peye anplis pou Nouyòkè ke yo te fè eskwokri sou yo

Reklamasyon DFS akize Johnson & Johnson te mal karakterize yon fason fwodilez sekirite ak efikasite dwòg opyoyid la pou elaji mache opyoyid la, k'ap sèvi pou pwomote alafwa pwòp dwòg opyoyid li yo ak opyoyid biznis matyè premyè yo, pwopaje kriz opyoyid la, ak lakoz depans asirans sante ogmante dramatikman pou konsomatè NY yo

Li deklarasyon plent DFS la pou Johnson & Johnson ak konpayi ki gen rapò ak li yo [isit la](#)

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) te depoze plent epi li te inisye pwosedi administratif kont Johnson & Johnson ak filyal li yo Janssen Pharmaceutica, Inc., Janssen Pharmaceuticals, Inc., ak Ortho-McNeil-Janssen Pharmaceuticals, Inc. - kolektivman, "Johnson & Johnson." Plent sa yo se katriyèm seri yo depoze kont manifaktirè opyoyid yo swit ak [ankèt DFS kontinyèl](#) sou kreyatè ak otè krim kriz opyoyid la.

"Kriz opioïd la koute lavi twòp moun epi Eta New York pral kontinye pran mezi kont moun ki te ede alimante katastwòf sante piblik sa a epi pote yon mezi jistis bay fanmi ki pèdi pwòch yo", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Pa gen eskiz pou moun k'ap mal reprezante opyoyid anvè konsomatè yo pou yo ka fè pwofi epi nou pral sèvi ak tout zouti ki nesèsè pou ede asire moun ki responsab yo konplètman asime responsablite yo."

Direktris Depatman Sèvis Finansye a, Linda A. Lacewell, te deklare, "Kriz opioïd la deja gen yon enpak devastatris sou moun, fanmi, ak kominote yo atravè nasyon an. DFS rete angaje nan pwoteje konsomatè New York yo epi asire entegrite endistri asirans lan".

Johnson & Johnson fabrike yon kantite pwodwi opyoyid nan Eta New York, pli prezizeman dwòg nan Ankès II yo Duragesic (Dirajezik), ki se yon plak fenntanil, ak Nucynta (Nousennta), ki se yon dwòg tapentadòl. Anplis de sa, Johnson & Johnson te kontwole yon gwo pòsyon nan chèn apwovizyonman opyoyid brit "Norman Poppy"

patante li a, ki nan yon moman te responsab pou jiska 80% apwovizyonman mondyal la pou matyè premyè oksikodòn.

Deklarasyon Plent DFS yo akize ke enkilpe Johnson & Johnson yo te gen yon wòl lidè ki la depi lontan e ki gen plizyè aspè alorijin, sa k'ap founi, fasilite, ak kreye aktivman yon mache danjere pou opyoyid pou tretman doulè kwonik. Efò yo pa sèlman sipòte lavant pwòp mak opyoyid yo, men tou li etabli anba pretèks fo ak fwodilez yon anvivonman ki anplifye akseptasyon kominote medikal la nan preskri opyoyid preskri, kidonk sa ki ogmante demand pou matyè premyè ki gen rapò ak opioid li yo.

Akizasyon DFS yo kont enkilpe Johnson & Johnson yo enkli bagay sa yo:

- Atravè bwochi ak piblikasyon yon tyès pati, yo espesyalman vize pasyan granmoun aje yo kòm kandida pou tretman opyoyid, pandan y'ap minimize ogmantasyon risk yo nan itilize opyoyid pou popilasyon ki pi vilnerab sa a;
- Atravè maketin mak ak sipò ak kontwòl yon bann lidè opinyon kle yo ak gwoup fasad yo, yo te karakterize adiksyon ak opyoyid kòm yon mit danjere e avanse lide "fo adiksyon" — ki se yon fo konsèp ke pasyan ki montre siy adiksyon klè te senpleman bezwen plis medikaman opyoyid menm;
- Yo te resevwa plizyè kominikasyon ki soti nan men FDA ki avèti yo sou move reprezantasyon nan materyèl maketin Duragesic yo. Move deklarasyon sa yo te enkli move karakteristik nan done yo sou abi pou reklame ke pwodwi opyoyid pa yo te kreye mwens depandans pase lòt pwodwi opyoyid; reklamasyon ki san fondman nan potansyèl abi ki fèb ak amelyore kalite lavi; ak yon mank enfòmasyon konplè sou risk sou avètisman nan bwat Duragesic la, kontradiksyon, ak efè segondè; epi
- Yo devlope yon pavo nan ane 1990 yo ki fasilite apwovizyonman nan sa ki ta vin lakoz yo lajman itilize opyoyid, ki gen ladan oksikodòn, engredyan prensipal nan Oksikonntin, ki te fabrike pa Purdue.

Dapre Deklarasyon Plent DFS la, Enkilpe Johnson & Johnson te vyole de Lwa Asirans New York. Seksyon 403 Lwa Asirans New York la entèdi zak asirans fwodilez epi li prevwa pèn jiska 5,000 dola plis montan reklamasyon fwodilez la pou chak vyolasyon; DFS la afime ke chak preskripsyon fwodilez konstitye yon vyolasyon separe. Seksyon 408 nan Lwa sou Sèvis Finansye (Financial Services Law) a entèdi fwod entansyonèl oswa movèz representasyon entansyonèl nan done materyèl konsènan pwodwi oswa sèvis finansye, ki gen ladan asirans sante epi li prewa pèn jiska 5,000 dola pa vyolasyon; yon fwa ankò, DFS la afime ke chak preskripsyon fwodilez konstitye yon vyolasyon separe.

Odyans sa a pral fèt nan biwo Depatman Sèvis Finansye Eta New York la, One State Street, New York, New York, apati 25 janvyè 2021.

Li yon kopi Deklarasyon Plent DFS la pou Johnson & Johnson ak konpayi ki gen rapò ak li yo sou [sitwèb](#) DFS la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)